ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭР

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№240 (21.148) ● 2007 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

## Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр партэхэм дотІысхьэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЬКЪЭР Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен мы махуэхэм хэтщ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я унафэщІхэм папщІэ кІыхьэрагъэпэща семинарым. Езым и Іэнатіэм хуэдэ эыІыгъхэм я нэхъыбапІэми хуэдэу, КъБР-м и Іэтащхьэр лэжьыгъэм зэрыхуэзэлъаокІуэм и мызакъуэу, щІэныгъэхэм я докторщ, ауэ абы щхьэкІэ кІымыгъанэу партэм дэтІысхьащ, и щІэныгъэми хегъахуэу.

Семинарым екІуэлІэнухэр Москва щыІэхуащэсащ къэрал кІулыкъумкІэ Урысей Академием, Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и нэІэ тету лажьэм, икІи ар екІуэкІынущ дыгъэгъазэм и 15 пщІондэ. Семинарым и программэм хохьэ къэрал уху зэныгъэм, къэралым и социально-экономикэ, политикэ гъащІэм, урысей обществэм реформэ щегъэкІуэкІыным ехьэлІа зи чэзу Іуэхугъуэхэр.

Семинарым и япэ махуэм властым и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ орган нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэм я пащхьэ къыщыпсэльащ япэ вице-премьер Иванов Сергей, министрхэу Кудрин Алексейрэ Набиуллинэ Эльвирэрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ экономикэм зегъэужьын, финанс-бюджет политикэм, экономикэм зегъэужьыныр инвестицэкІэ къызэрызэрагъэпэщ ІэмалыщІэхэм. Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщі Собянин Сергейрэ абы и къуэдзэ Сурков Владимиррэ я къэпсэльэныгъэхэр траухуащ къэрал властым и органхэм щылажьэхэм я Іуэху зехьэкІэр къызэрызэгъэпэщыпхьэм.

Щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр апхуэдэуи хэпльэнущ льэпкъ проект нэхъыщхьэхэр гъэзэщІа зэрыхьум, тепсэлъыхьынхэщ щыпІэхэм кадр политикэр зэрыщекІуэкІым икІи ар егъэфІакІуэн зэрыхуей щыкІэм. Федеральнэ центрым, Урысей Федерацэм и субъектхэм я власть органхэм, щыпІэ самоуправленэм и органхэм я къалэнхэмрэ хуитыныгъэхэрэ зэхэзгъэзыхукІын зэрыхуейм ехьэлІа Іуэхугъуэхэм.

Кьанокъуэ Арсен унафэщІ нэхъыщхьэхэм щхьэкІэ къызэрагъэпэща семинарым мыхьэнэщхуэ иІэу кьиІытащ, ар икъукІэ сэбэп зыпылъу, и зэманым кьаІэта Іуэхуу икІи гъэщІэгъуэну жиІащ. «Си мызакъуэу, атІэ сэ схуэдэу лажьэхэми ягу ирихьауэ си гугъащ семинарым лэжьыгъэкІэм теухуауэ къыщыдата дерсхэр. Абы къищынэмыщІауэ икъуэкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ экономикэ, социальнэ кьалэнхэр гъэзэщІэн и льэныкъуэкІэ щыналъэхэм я унафэщІхэр я гупсысэкІэ зэхъуэжэну Іэмал зэрагъуэтам», - жиІащ абы.

***КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апі1э.***

● Тэрч куей

## Зыри ягъэщІэхъуркъым

**Мы илъэс зэкІэлыкІуэхэм Тэрч районым гулытэ хуэхащІыхьащІ щІыхьхэр Іэнатіэкі кьызэгъэпэщыным.**

КУЕЙР республикэм и гъунапкъэхэм щыІэщ, жылагъуэхэр пхыдзащи, лэжьэфыныхэм ящыщ куэд хуабжьу гугъуехьыр, я унагъуэрягъэпсэуІ щхьэкІэ зи кІару иІыгъуэхэр нэгъуэщІ щыпІэхэм кІуэн хуей хьурт.

Иджы щІыхьхэр Іэнатіэкі къызэригъэпэщу районым щыІэ центрым и кІарур зрихьэлІэр къабгъэдыхьэхэм защІэгъэхьхъунырщ, зэрыхьыкІэ арэзы щІынырщ.

Центрым и унафэщІ Хьыдэ Олег къызэрыджиІамкІэ, мы илъэсым кІыриубыдэу щІыхь 1200-м щигъум лэжьигъэ кьыхуагъэтащ, 112-рэ къэралым и мылькукІэ Тэрчрэ Налшыкрэ нэгъуэщІ Іэщ1агъэхэм щыхуарагъэджащ.

Гъэмахуэ лъэхъэнэмрэ гъавэ кІэхъэлІэжьигъэмрэ, центрым яригъым нэмыщІкІэ, дэтхэнэмэи ахьщэ Іэрыгъэхъ къыІэрыхьэу, 620-м щигъу фермер бэджэнд хозяйствэхэм я деж щылэжьащ.

«ІэнатІэ лъыхъуэу, нэгъуэщІ Іэщ1агъэм хуеджэну хуейуэ зыкьытхуэзыгъаэхэр дгъэщІэхъуркъым. Хабзэм тету ахэр эхІэлъыгъэкІуэу дотх, ахуэзфІэкІыр зыдогъащІэ, псори зэпыщІэнэри я лъэІур зэрыдгъэзэщІэным яужь дитщ. Си гугъэщ абы и льэныкъуэкІэ мы гъэм кьытпэщыта кьалэнхэм мыпейуэ дехьэулІауэ», - кьигъэлъэгъуащ Хьыдэ Олег.

**ДЫГЪУЖЬ Цур.**

**«Зи гур къабзэхэр» фІэщыгъэм щІэту лажьэ Урысейпсо цІыхубэ организацием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэситі нрикъуащ.**

А ЗЭМАНЫМ кьриубыдэу мы зэгурызэныгъэм иригъэкІуэкІащ ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхьэм, сабий зеинщэхэм, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм ядэІэпыкъуныгкІэ псапащІэ Іуэхугъуэ куэд. ЦІыхьу щхьэхуэхэм ямызакъуэу, «Зи гур къабзэхэр» яполІэбэ интернатхэм, адэранэ зыщІхьэщІымытыжхэр щащІ унэхэм.

Мы махуэхэм зэхэтащ организацием и зи чэзу зэІущІэ. Псапащ1э Іуэхуэхэр егъэкІуэкІыным жыджэру хэт Къэрэ Ратмир зэрыжиІэмкІэ, зэгухьэныгъэм хэтхэм я щхьэщІыщІ ящ1э ящ1ыгъ. Ауэ зэрефІэкІыр. Ауэ зэрефІэкІ щІыкІэр жаІэрэкъым: ар къэрал щхэщ.

● Гулытэ

## «Гу къабзэхэм» я бжыгъэм хохьуэ

жэрдэмкІэ къызэрагъэпэщащ «Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхьэм я щІалэгъуалэ организацэ». Къалэну зыхуагъэувыжыр нэгъуэщІхэр кьащыдэІэпыкъуным щымыгугъыу езыхэм зэрахуэфІэкІкІэ я щхьэ хьэрычэт хуащІэжьым хуэгъэхьэзырынырщ. Жылагъуэ Іуэхуэхэм кьыхэшэныкІэ дерс щхьэхуэхэр драгъэкІуэкІынущ. НужьыкІэщ органищэр езыр-езыру лажьэу щаутІыпщынур.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

## Еджэныгъэхэр къызэрагъэпэщ

**«Синдикэ» интур-хьэщІэщ конгресс-центрым щекІуэкІащ «Льэрычэт Іуэху мыиным я финанс-кредит щытыкІэм зегъэужьынымрэ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм мылъкукІэ зыкъызэрагъэпэщыжыныкІэ щыІэ Іэмалхэмрэ» жыхуиІэ конференц-семинар.**

АР КЪУЭРАГЪЭПЭЩАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, микрофинанс рынкым щыІэдэлэжьахэм, «ВТБ-24» ЗАО-мрэ Урысейм и микрофинанс центрымрэ.

ЗэІущІэм хэтащ УФ-м кьуажэ кредит кооперацэм зегъэужьынымкІэ и Фондым, кредит союзхэм я Урысей Ипщэ Ассоциацэм я унафэщІхэр, властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, банк Іэнатіэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сату-промышленнэ палатэм я лыкІуэхэр, кредит кооперативхэм, хьэрычэт Іуэху мыиным зыщІэгъэжьынымкІэ муниципальнэ фондхэм я Іэщ1агъэлІэхэр.

Семинарым щыІэпкъраращ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм мылъкукІэ зыкъызэрызэрагъэпэщыж щІыкІэм зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, а Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыпхагъэкІ Іэмалхэр кьэгъэсэбэпыным, финанс Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза проектхэр дэІыгъынымрэ ахэр гъэзэщІэнымрэ ехьэлІа Іуэхугъуэхэр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и ял1э хуэдэ **Тхьэзэплъыж Мурат** зэІущІэр кьызэІуиха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым мылъку зэхуэгъэкІуэкІэм и хабзэхэр зэрыщІэунырэ теухуауэ доклад ищІащ экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и къуэдзэ **КІэрэф Муратрат.** Ар зэпкърыхуэу кьытеувыІащ а Іэнатіэр ди республикэм зэрыщІэзэтеублам, абыкІэ щыІэ Іэмалхэр кьызэрагъэсэбэпымрэ хэкІыпІэхэр зэрагубзыхурэ.

Я Іуэху еплъыкІэхэр кьаІуатэу зэхьыхьэм кьыщыпсэльащ НАУМИР-м и президент **Мамутэ Михаил**, «ВТБ-24» ЗАО-м нэгъуэщІ къэрал зэпыщІэныгъэхэмкІэ и унафэщІ **Кариса-ловэ Надеждэ**, НАУМИР-м и вице-президент, кредит союзхэм я Урысей Ипщэ Ассоциацэмрэ мыкоммерцэ организацэхэм финанс зэдзэІэпыкъуныгъэмкІэ я Льэпкъ Союзымрэ я Іэ1эзэщІакІуэ директор **Кадров Анатолий**, нэгъуэщІхэри.

Конференцыр щекІуэкІ зэманым кредит кооперативхэм, хьэрычэт Іуэху мыиныр дэІыгъынымкІэ муниципальнэ фондхэм я унафэщІхэмрэ Іэщ1агъэлІэхэмрэ папщІэ еджэныгъэхэр къызэрагъэпэщащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий.**

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

● ЗэІущІэхэр



**Мутко Виталий Адыгейм щохьэщІэ**

АДЫГЕЙ. ***Урысей футбол зэгухьэныгъэм и унафэщІ Мутко Виталий иджыблагъэ Адыгейм щыкъэщІащ икІи щІыналъэмрэ РФС-рэ зэрызэдэзэкъэнымрэ тесхуэн зэгурыІуэныгъэ республикэм и Президент Тхьэкъущыпс Аслъэнджэрий ирищІыІащ.***

АПХУЭДЭУИ льэныкъуитІыр тепсэлъыхьащ футболым Адыгейм зэрызыщІужь щІыкІэм, абы республикэм щыхьэнэуэ щІІэр зыхуэдэм. ИужькІэ Мутко Виталийрэ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрийр щыІащ футболистхэр щагъэхьэзырыну ЩІыналъэ центрыр щаухуэну щамрад щІыпІэм. Мутко Виталий хэтащ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий щащхуэ Улап жьлагъуэм кьыщыгъэІуахэ мини-футболымкІэ стадионым ехьэлІа гуфІэгъуэм икІи Мейкьуапэ и «Дружба» футбол командэм и президент тхылъыр республикэм и унафэщІым иритащ.

**Турист кІуапІэ мэхъу**

АБХЪАЗ. ***Урысейм турист индустриемкІэ и зэгухьэныгъэм и унафэщІ ЩІылько Сергей зэрыжиІамкІэ, Пицундэ кьалэ къъэущІэрэщІэжьыным тегухуа проект абыхэм я гъэхьэзырыращ икІи иджырей этманым кьыпІаст турист комплекс илъэситхуэ кьурыбыдэу ухухуну я мурадщ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы доллар мелиуанитІ текІуэдэнущ.***

ПРОЕКТЫМ кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, турист щыщу япэ итахэм куэдкІэ зэрефІэкІыр. Ауэ зэрефІэкІ щІыкІэр жаІэрэкъым: ар къэрал щхэщ.

**Бензинынщэу икІи ерыскъыныщ**

**Италием и хьэлъэзешэ автомобилышхуэхэр зезыгъаІуэным лэжьэн щагъэтащ.**

Абыхэм я профсоюзхэм кьаГъэув улахуэхэм хагъэхьуэну, я лэжьыгъэр хуагъэпсынщІэну. Правительствэм зэрепсэльам зэкІэ зыри кьыкІакъым. Апхуэдэу щыхьум автомобилхэр кьызэтеувыІащ. Гъэсныпхъэ игъэхьуапІэхэм бензин яІэжькъым. Тыкуэнхэм псынщІэ дыдэу мащІэ щохьу ерыскъыхьэкІэхэр. Къэралым и премьер-министр Проди Романо жиІащ къэкІуэнум зэрытегугъэвыхьыр, куэдым я Іуэхур абы кьызэрызэтригъэувыІэнур.

**Польшэм и лыр**

**ИлъэситІ и пэкІэ Урысейм унафэ щащІауэ щытащ Польшэм и лыр къамыщІэхуну. Ар а къэралым и дежкІэ удынышхуэт. Псори къызыхэкІар къэрагъащІэлым и фІагъыр зэрымыщІагъэуфІ, ар тэмэму къызэрамыщытэрт, тхылъ нэпцІхэр къызэрыщІагъурт.**

УФ-мрэ Польшэмрэ абы папщІэ зэщІелІэуэ щытащ. Иужьрейр сыт и лъэныкъуэкІи зэран хуэхъурт Урысейм и Еврosоюзымрэ я зэхущытыкІэхэм.

Иджы а псоми кІэ игъуэта хуэдэщ къэралитІым мэкъумэш хозяйствэмкІэ я министрхэр, Москва щызэпсэлъа иужь. УФ-м щІедзэж Польшэм и лыр къыщІэхун. Ауэ абы папщІэ лъэныкъуитІми зэгъусэу лым и фІагъыр зыхуэдэр зэмыкъэкІауэ къахутэн хуейщ. Варшавэ абыкІэ арэзыщ.

*(ИТАР-ТАССР).*

**Мы махуэхэм**

**Дыгъэгъазэм и 13, *махуэку***

♦Мальтэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ1ыгъ - Рес публикэм и махуэщ.

♦Илъэс 70 и пэкІэ (1937) япон зэрыпхъэкІуэхэм ауыдащ Китайм и кьалащхьэ Нанкин (мы зэманым Цзянсу провинцэм и щыхьэрщ). Тхьэмахуэ зэхуэкуихым кьриубыдэу абыхэм яуклащ щыху мамырхэу, китай зауэлІ гъэр Іэщэншэху мин 300-м щІигъу.

♦Дыгъэгъазэм и 13-14-хэм Москва щекІуэкІынущ «Щы-хьэрым и узыншагъэр» VI зэхьыкъэр.

♦Илъэс 210-рэ и пэкІэ кьалъхуащ нэмыщэ усакІуэ щІэрыІуэ Гейне Генрих.

**♦Дыгъэр къыщІэкІащ, сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 35-м кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 29-м.**

**♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 54-рэ.**

**Дыгъэгъазэм и 14, *мэрем***

**♦УФ-м и Дзэ-хьэуа къаруэкІ и радиотехникадзэкІэ къыщІэзрагъэпэща махуэщ.**

**♦Урысейм и Журналистхэм я союзым егъэльапІэ зи кьалэнхэр зыгъэзащІэу хэкІуэда журналистхэм я фэеплъыр.**

♦Илъэс 90 и пэкІэ (1917) Брест-Литовск Іэ щытрадзащ зы льэныкъуэкІэ Урысейр нэгъуэщІ льэныкъуэкІэ Германиер, Австро-Венгриер, Болгариер, Тыркур зэкІуэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Илъэси 175-рэ и пэкІэ кьалъхуащ франджы инженер-Эйфель Александр (1832 - 1923). Абы и проекткІэ Париж щащхуащ дуней псом щыщІэрыІуэ, езым и цІэр зезыхьэ гъущІ чэщанэр (мэтр 300 и льагагъэм).

♦Дирижер, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бекъул Леонид къыщалъхуа махуэщ.

**♦Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 35-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 29-м.**

**♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 54-рэ.**

*ПІалэнэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

**Къэпкъ Іущыгъэ:**

**Зэман къэс зы дахагъэ иІэщ.**

## Юбилейм ирихьэлІэу

● Дыгъуасэ

Мэзыхьэ Борис «Адыгэ псальэм» и корреспондент Жылаес Замир дипломэр тыгъэгъэ ирет.
*Сурэтыр* **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

**Налшык Печатым и Унэм зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІ и пэмыш дыгъуасэ щыІэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Журналистхэм я союзыр къыхэзыгъэзащІэрэ илъэс 50 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ зэхьыхь.**

АР ИРИГЪЭКІУЭКІАЩКЪБР-м и Журналистхэм я Зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Мэзыхьэ Борис.**

Зэхьыхьэ гуапэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатіэхэмкІэ и министр **Тут Заур**, абы и къуэдзэ **Лянин Николай**, республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Берд Хьэзрэталий,** журналистикэм и ветеранхэр, газетхэм, журналхэм, тхылъ тедзапІэхэм я лэжьакІуэхэр.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и зэфІэувэкІам, абы и нобэрей Іуэхущ1афэм теухуауэ **Мэзыхьэ Борис** доклад ищІа нэужь, зэІущІэм щатащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, ЩэнхабзэмрэзэІущІэ Іэнатіэхэмкі министерствэм, Урысейм и Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я журналистхэм, республикэм и пенсионерхэм я союзхэм я ЩІыхь тхылъхэмрэ ахьшэ саугъэтхэмрэ.

**АРУАН Алий.**

**Бзэкіэ къызэтрегъэувыІэ**

**УФ-м и Президент Путин Владимир 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ Урысейм щыІэжьым и 13-м къыщыщІэдзауэ пІалъэкІэ кьару щиІэжьхьм къызэрыгуэкІ Іэщ1эжьмкІэ зэщІэуэгъэда дзэхэр Европэм щыгъэмащІэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм.**

Фигу кьащІэкІыжьищи, ар ратификацэ иджыри кьэс зыщІар Урысейм и зэгурыІуэныгъэм зэкІэ кьыхэкІыжыну. Ауэ ар хуэхьэзырщ зэпсэльэныгъэхэм. НэгъуэщІ къэралхэми зэгурыІуэныгъэр ратификацэ ящІми, УФ-м абы щІэрыщІу кьару щигъэтыжынущ.

**Нэхъри зэщІопльэ**

**Украинэм нэхъри щызэщІопльэ парламентархэм я зэпэщІэтыныгъэр.**

Президент Ющенко Виктор премьер-министру яІэувыну кьиІэльэгъуа Тимошенкэ Юлие аргуэру пхрыкІакъым. «Коалицэ гъуабжэм» и депутатхэмрэ «Щы-налъэхэм я партым» щыщхэмрэ зэрызекъуэу щІадза иужь, Радэ Нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр зэпигъэун хуей хьуащ.

**Іэщэ лъэщ**

**Примор крайр зи хэщІапІэ гвардей авиаполкым и аэродромым Іэрыльэу щІидзащ зэрызыщІ ІэкъухьлъатэщІэхэр - Су-27-СМ-хэр.**

Къэхьылъатэзэхуэхэм кьаІэльагъуэ мыхэр зебгъэкІуэныр зэрытынщ дыдэр, езыхэм я лІэужьыгъуэхэм щыщу япэ итахэм куэдкІэ зэрефІэкІыр. Ауэ зэрефІэкІ щІыкІэр жаІэрэкъым: ар къэрал щхэщ.

**Бензинынщэу икІи ерыскъыныщ**

**Италием и хьэлъэзешэ автомобилышхуэхэр зезыгъаІуэным лэжьэн щагъэтащ.**

Абыхэм я профсоюзхэм кьаГъэув улахуэхэм хагъэхьуэну, я лэжьыгъэр хуагъэпсынщІэну. Правительствэм зэрепсэльам зэкІэ зыри кьыкІакъым. Апхуэдэу щыхьум автомобилхэр кьызэтеувыІащ. Гъэсныпхъэ игъэхьуапІэхэм бензин яІэжькъым. Тыкуэнхэм псынщІэ дыдэу мащІэ щохьу ерыскъыхьэкІэхэр. Къэралым и премьер-министр Проди Романо жиІащ къэкІуэнум зэрытегугъэвыхьыр, куэдым я Іуэхур абы кьызэрызэтригъэувыІэнур.

**Польшэм и лыр**

**ИлъэситІ и пэкІэ Урысейм унафэ щащІауэ щытащ Польшэм и лыр къамыщІэхуну. Ар а къэралым и дежкІэ удынышхуэт. Псори къызыхэкІар къэрагъащІэлым и фІагъыр зэрымыщІагъэуфІ, ар тэмэму къызэрамыщытэрт, тхылъ нэпцІхэр къызэрыщІагъурт.**

УФ-мрэ Польшэмрэ абы папщІэ зэщІелІэуэ щытащ. Иужьрейр сыт и лъэныкъуэкІи зэран хуэхъурт Урысейм и Еврosоюзымрэ я зэхущытыкІэхэм.

Иджы а псоми кІэ игъуэта хуэдэщ къэралитІым мэкъумэш хозяйствэмкІэ я министрхэр, Москва щызэпсэлъа иужь. УФ-м щІедзэж Польшэм и лыр къыщІэхун. Ауэ абы папщІэ лъэныкъуитІми зэгъусэу лым и фІагъыр зыхуэдэр зэмыкъэкІауэ къахутэн хуейщ. Варшавэ абыкІэ арэзыщ.

*(ИТАР-ТАССР).*

**Мы махуэхэм**

**Дыгъэгъазэм и 13, *махуэку***

♦Мальтэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ1ыгъ - Рес публикэм и махуэщ.

♦Илъэс 70 и пэкІэ (1937) япон зэрыпхъэкІуэхэм ауыдащ Китайм и кьалащхьэ Нанкин (мы зэманым Цзянсу провинцэм и щыхьэрщ). Тхьэмахуэ зэхуэкуихым кьриубыдэу абыхэм яуклащ щыху мамырхэу, китай зауэлІ гъэр Іэщэншэху мин 300-м щІигъу.

♦Дыгъэгъазэм и 13-14-хэм Москва щекІуэкІынущ «Щы-хьэрым и узыншагъэр» VI зэхьыкъэр.

♦Илъэс 210-рэ и пэкІэ кьалъхуащ нэмыщэ усакІуэ щІэрыІуэ Гейне Генрих.

**♦Дыгъэр къыщІэкІащ, сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 35-м кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 29-м.**

**♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 54-рэ.**

**Дыгъэгъазэм и 14, *мэрем***

**♦УФ-м и Дзэ-хьэуа къаруэкІ и радиотехникадзэкІэ къыщІэзрагъэпэща махуэщ.**

**♦Урысейм и Журналистхэм я союзым егъэльапІэ зи кьалэнхэр зыгъэзащІэу хэкІуэда журналистхэм я фэеплъыр.**

♦Илъэс 90 и пэкІэ (1917) Брест-Литовск Іэ щытрадзащ зы льэныкъуэкІэ Урысейр нэгъуэщІ льэныкъуэкІэ Германиер, Австро-Венгриер, Болгариер, Тыркур зэкІуэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Илъэси 175-рэ и пэкІэ кьалъхуащ франджы инженер-Эйфель Александр (1832 - 1923). Абы и проекткІэ Париж щащхуащ дуней псом щыщІэрыІуэ, езым и цІэр зезыхьэ гъущІ чэщанэр (мэтр 300 и льагагъэм).

♦Дирижер, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бекъул Леонид къыщалъхуа махуэщ.

**♦Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 35-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 29-м.**

**♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 54-рэ.**

*ПІалэнэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

**Къэпкъ Іущыгъэ:**

**Зэман къэс зы дахагъэ иІэщ.**

● Хьэжыщ1

## Мэчэм нэсащ

Вэсэмахуэ Налшык икІри автобусущхІэ хьэжыщ1 кІуэну ежьащ Ахматов Назир зи пашэ гуп, цІыхуи 156-рэ хьуу. Ахэр Беслъэн и деж кхъухьлъатэм щитІысхьэри, сыхьэт зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу, Саудей Хьэрпыим и кьалэ Мадинэ щитІысхьащ.

КъБР-м и Мусулымэнхэм я Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ Сидэч Мурат хьыбар кьыІэрыдигъэщІамкІэ, ди республикэм икІыу хьэжыщ1 кІуа цІыху 269-рэ мы зэманым Мэчэм нэсащ, хьэщІэщхэм щІагъэтІысхьащ, я кьалэн льапІэр гъэзэщІэнми пэрыуащ.

**ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.**

**ЗэкІэ къызэтрегъэувыІэ**

**УФ-м и Президент Путин Владимир 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ Урысейм щыІэжьым и 13-м къыщыщІэдзауэ пІалъэкІэ кьару щиІэжьхьм къызэрыгуэкІ Іэщ1эжьмкІэ зэщІэуэгъэда дзэхэр Европэм щыгъэмащІэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм.**

Фигу кьащІэкІыжьищи, ар ратификацэ иджыри кьэс зыщІар Урысейм и зэгурыІуэныгъэм зэкІэ кьыхэкІыжыну. Ауэ ар хуэхьэзырщ зэпсэльэныгъэхэм. НэгъуэщІ къэралхэми зэгурыІуэныгъэр ратификацэ ящІми, УФ-м абы щІэрыщІу кьару щигъэтыжынущ.

**Нэхъри зэщІопльэ**

**Украинэм нэхъри щызэщІопльэ парламентархэм я зэпэщІэтыныгъэр.**

Президент Ющенко Виктор премьер-министру яІэувыну кьиІэльэгъуа Тимошенкэ Юлие аргуэру пхрыкІакъым. «Коалицэ гъуабжэм» и депутатхэмрэ «Щы-налъэхэм я партым» щыщхэмрэ зэрызекъуэу щІадза иужь, Радэ Нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр зэпигъэун хуей хьуащ.

**Іэщэ лъэщ**

**Примор крайр зи хэщІапІэ гвардей авиаполкым и аэродромым Іэрыльэу щІидзащ зэрызыщІ ІэкъухьлъатэщІэхэр - Су-27-СМ-хэр.**

Къэхьылъатэзэхуэхэм кьаІэльагъуэ мыхэр зебгъэкІуэныр зэрытынщ дыдэр, езыхэм я лІэужьыгъуэхэм

**Іэщ1э лъэщ**

**Примор крайр зи хэщІапІэ гвардей авиаполкым и аэродромым Іэрыльэу щІидзащ зэрызыщІ ІэкъухьлъатэщІэхэр - Су-27-СМ-хэр.**

Къэхьылъатэзэхуэхэм кьаІэльагъуэ мыхэр зебгъэкІуэныр зэрытынщ дыдэр, езыхэм я лІэужьыгъуэхэм

## «Адыгэ псальэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

**Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!**

**Фигу къыдогъэкІыж 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.**

**Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 342-рэ кІэпІейкІэ 84-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.**

**Ди индексыр 51531**

**Абхъазым щыщ «Нартхэр» КВН джэгуакІуэ гупми «Адыгэ псальэр» фІыуэ яльагъу.**
*Сурэтыр* **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

## ●Сенаторым и жэрдэм

# Фэтэрыр птыну ухьэзыр?

**Федерацэмкіэ Советым хэт Починок Александр жэрдэмыщІэ къыхилъхьащ. Абы фІэкъабылщ жьы хьуэхэм, зи закъуэу псэуэхэм я фэтэрхэр къэралым иратыну, абы къыпэкІуэу езыхэми иастыр ІуэхущІапІэ.**

ПОЧИНОК Александр зэрыжІэмкІэ, апхуэдэ Іэмалыр къыщыгъэсбэзи хамэ къэралхэми. Псалъэм папщІэ, Москва къалэкум щыпсэуэхэм ящыщ куэдыр мылькунпшэщи, фэтэр уасэр дахэ-дахэу яхуэтырхьым. Апхуэдэхэм я дежкІэ нэхъ фейдэщ банкым зэгурыІуэныгъэ иращІылІэу, мазэ кьэс ахьшэ хьарзынэ (доллар 1200 - 1300 хуэдиз) кьаІэрыхьэныр.

Апхуэдэ жэрдэмыр «лажьэу» бутІыпщыным гугъуехьыщхуэ хэлъхьым. Унэр зейр псэухункІэ, зэгурыІуэныгъэм кьыхэзыгъэпсыгъуэм хуэдэу, банкым мазэ кьэс ахьшэ кьыритынущ (Зэ етыгъуэу унэ уасэр зэІэпыпхи хьунущ). Нэхъыжьыр дунейм ехьыжмэ, унэр банкым и мыльку мэхъу.

ІэщІагъэлІхэм кьыззэралытэмкІэ, Починок кьыхилъхьа Іуэхум губзыгъагъэ хэлъщ. Апхуэдэ Іэмалыр нэхъыжьхэм кьагъэсэбэлу щІадзэмэ, абы-хэм я Іыхьлыхэм (фэтэрым щыгугъхэм), шэч хэмылъу, нэхъыбэфІу кьалъагъунщ, зыхуей псори кьыхуащІэнщ. Пэжщ, Іыхьлыхэмки кьаІэжІынкІи хъунущ, фэтэрыр зыІэщІимыгъэкІын щхьэкІэ, сыт хуэдэ щІэп-хьаджагъи зылэжьыфынуэхри.

ЗэкІэ банкым и лэжьакІуэхэр арэзы техъуащэркъым Починок «кьыдика» Іуэхум, ар дахьыщІыгъуэдэу, кьалъытэри. Сыт щхьэкІэ? Банкым фэтэрыр зейм мазэ кьэс ахьшэ иритын хуейщ, «процент» гуэри кьыхэмыкІхуэну. Апхуэдэ щыкІэкІэ щІыхьэ итын хуей зэрыхъуну зэманым зыри щыгъуазэкъым. Унэр (фэтэрыр) зейр псэухункІэ абы и мыльку хур пщэ хъунукъым.

- Ар хьарзынэкъэ-тІэ, - жеІэ Починок. - Дэ дыхуейкъым «Моссоцгарантие» къэралым и предприятэм и лэжьакІэм. Дэ дызыхущІэкъуэ жьы хьуам, дэ Іэпыкъуэгъэнэгъэ иращІылІэу, мазэ кьэс ахьшэ хьарзынэ (доллар 1200 - 1300 хуэдиз) кьаІэрыхьэныр.

Ильэс 13 хьуауэ Москва щолажьэ «Моссоцгарантие» ІуэхущІапІэр. Абыи зэгурыІуэныгъэ ярещІылІэ, мазэ кьэс ахьшэ ярет унэ и фэтэр зиІэ зеиншэхэм. Аср дунейм ехьжмэ, я мылькур кьаІэ администрацэм кьыхуэнэ.

А Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэ-ри Починок и жэрдэмри зыхуэкІуэжьыр зыщ - нэхъыжьхэм я псэупІэ унэхэр кьыззэрыІэщІагъэкІынырщ.

**ВЛАДИМИРОВЗ Еленэ.**
*«Труд».*

## ●Узыгъэпіейтей Іуэжугъуэхэр

# Блынхэр мэбагъуэ

ЗЭГУЭРЫМ щытащ СССР-р жырым хуэдэу быдэу, социализмэри, Берлин дащІыхьа блыным ещхьу, быдэкІейуэ, зыми зэи хуэмыкъуэтэну псоми кьафІэщІу. А зэманым дэ кьулыкъуэ есхьэкІырт, маршал Куликовым и унафэм сыщІэту. Ар кьыщІэкІащ Совет Союзым и иужьрей маршалу. Абы Іэщ1элът Варшавэ зэгурыІуэныгъэм хэт къэралхэм я дзэ псорэ.

Сигу ихужыркъым: Берлин дыдэту, блын ПІагъэмкІэ си Іэр соцІри, дззэешэм жьзоІэ: «Мобы и кьуэкІыпІэ лъэныкъуэр ядыжьу кьабзэ щхьэкІэ, и кьухьэпІэ лъэныкъуэр псалъэ Іей быдэхэмкІэ щІэгъэнащ». Маршалым, жьсІар кьыифэмыІуэхуу, и щхьэр ищІри, кьыжьдэкІащ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Сыт трагъэми, блыныр тІасхьэ хъунукъым, ар зыми кьитгъэуфІащ».

Ильэс зыбжанэ дэкІри, нАІуэ кьэхъуащ Кулик овыр зэрыщыуар. Берлин дащІыхьа блын абрагъуэр, мыбыдэ дыдэу кьыщІэкІри, зэтрагъутащ. Хьэуэ, Іуахьипакъым ар нобэр кьыздэсым. ЗэфІэтщ, социализмэм и фэепльэ нАІуэ, куэдыр ауанэу хущІэпІну.

Дунейм щыкуэдщ икІи кІуэ пэтми нэхъыбэ щохъуфІ блын зэмыІуэужьыгъуэхэр. Горбачев нгуГащ Берлин дэт блыныр зэхакъутами, социализмэр зыми пІэныкьуэ хуемыгъэзыну. Горбачеви щыуаяу кьыщІэкІащ: Берлин и блын пІагъэм хуэдэу, социализмэрри щІэх дыдэу зэманыщІэм зэпІкъриудащ. «Перестройкэм и архитект ор» зыхуэжаІэу щытари, Кремлым и блынхэм кьамыхьумэу, и кьулыкъу пІагъэм напэтехыу кьрадзыхащ.

Апхуэдэ щапхъэхэм куэдым дерс тэмэм кьахуэхэыркъым. Псалъэм папщІэ, США-м и президент Буш хущІокІуу Ираклир Іыхьищу блын пІагъэкІэ игуэшыну, шинтэхэри, сунинтэхри, курдэхри апхуэдэ щІыкІэкІэ арэзы ищІыну.

Израилым блын пІагъэкІэ зэпрехуикІ Палестинэм и щІыналъэр.

Американ зауэ базэ «Гуантанамо»-р Кубэм и адрей щІыпІэ псоми кьахощ - ари кьэхъухьащ блын пІащІэкІэ.

Китай блын абрагъуэм хуэдэ я зэхуакум кьыздэхутащ Корее Ищхэмэ Ищхъэрэмэ, США-мрэ Мексикэмрэ, нэгъуэщІ щІынатІэ зэпэгъунэгъуэхэми.

Блынхэр зэмылІэужьыгъуэщ. Щылэщ мывэм кьыхэщІыкІаІэхри, пластикэ ущыІэжьІэпІъым ещхьхэри, нэрылъытылъэхэри. Нобэ дунейр ягуэш блын бжыгъэзыщхэм, меридианхэмрэ параллелхэмрэ картэр -эзрахуэзым- ещхьу. Блын пъэщхэр щыдолъагъу пъэпкъ щхьэхуэхэм, щІыхубмрэ абы и «пщылІэкъэмрэ», кьулейхэмрэ кьулейсыхэмрэ я зэ хуакум. Нэхъеижращи, апхуэдэ блынхэр багъуэ зэпытщ...

**СТУР УА Мэлор.**
*«Известия».*

## ●Тенджызым хэлъ къулеигъэхэр

# Хэт «Фрау Мариер» зыІэрыхьэнур?

**Балтикэ тенджызым, ильэс 236-кІэ уэзІэбэкІыжмэ, щІилъэфащ Голландием къикІыу Урысейм къакІуэ хсъуэхыр. Хуэт пъапІейхэр, дышъ, дыжьыкъ хьэпшыпу чей хьщІ хуэдиз зэрылъар. А къулеигъэхэр пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм къырагъэщэхуауэ Эрмитажым къыригъашэт.**

ПІэщІыгъуитІым щІигъукІэ псы щІагъэм щІэлъа, зыми кьыфІэмыІуэхуу щыта къулеигъэхэр 1999 гъэм фин хьдзэлІхэм кьыщагъуэтым, ахэр зыкІи зэзымыхьауэ къыщІыщІэкІым, «Лъэпкъ щІэнхэзэ-тхыда фІыгъуэхэр зыхъумэ» фондым и унафэщІхэр кьэпІейтеищ, Урысейм зэгуэрым къищэхугъэ мылькур зыІэрагъэхьэжьну хущІэкъуу щІадзащ.

Зэ еплъыгъуэкІэ а мылькур зылъыспхъэр Урысейрщ. Ауэ псым хэлъ кьхъхьыр кьыщагъуэтар Финляндием игъэбыдыпІэ щІыпІэщи, а къэралым и хабзэхэм ялкъ иткІэ, кьхъхьри абы иІэ псори зыІэрыхьапхъэр Финляндиерщ.

Апхуэдэ щытыкІэм, зэрыгуры-Іуэгъуэщи, Урысейр арэзы техъуэнкІэ Іэмал иІэжьым. Іуэхум къэрал зыбжанэм я судэхэр ныкъхьэу, унафэ тэмэм тращІыхьыну кьыщІэкІынущ.

**ПОПОВЭ Надеждэ.**
*«Аргументы и факты».*

## ●Егъэджэныгъэ

# «ТегъэщІапІэ» быдэхэр

Іупщхьэрэ. А псори зы тхьылъым, щыІналъэ щхьэжъэм (Поволжьем, Уралым, Кавказым, нэгъуэщІхэми) теухуам кьыщыгъэпъагъэуапхэзэ. НэгъэщІ зы тхьылъ щыІэн хуейщ Урысейм и кьекІуэкІыкІам, щІыхь щхьэхуэм кІэщІу икІи кунщІафІэу тепсэтІыхьэу.

Ещанэрауэ, еджакІуэхэм гурэ псэкІэ зыхащІэн хуейщ пэжыгъэ нэсыр. Абыхьэм кьагурыгъэІуапхъэщ тхьідэм и кьэхъукьащІэжр, абыхьэм я кІэщІыпІэжр, фІыцмэ Іейм-рэ зраІыпхъэ, мыхьумыщІагъэжм я щхьэусыгъуэжр зыхащІэн хуэдэу.

Апхуэдэ Іуэху епТыкІэ зиІэ еджакІуэщхьэр яхэтакъым Уф-м и Президентым и дежи ирагъэблагъэу тхьідэр школхэм щегъэджкІэн зэрыхуейр щыкІэхэм иджыблагъэ тепсэтыхьаэхэм. Си щхьэкІэ сытогуэвыхь мы Іуэхур Іэкъугъуэт егъэжІ ящІынкІэ, еджакІуэхэм пащІэ тхьыгъ мыльхъэсхэр, щыщІэныгъэ куэд зиІэхэр, пІащІэгъуэкІэ яГъэхьэзырынкІэ.

**СМИРНОВ Ким.**
*«Новая газета»*

## ●Щапхъэфі

# Емыш пшэрыхьщ

*УФ-м и Іэщ1ал1эл1 куэдым къалъытэ мэкъумэш Іуэхум фейдэщхуэ эзи къуимытыну. Апхуэдэ Іуэху етыкІуэр зэрымытэмэым щыхьэт тохъуэ Ставроль крайм щыІэ предприятэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр. Абыхэм щыщІэ, «Гейзер» компаниемрэ и унафэщІ Слинько Георгий иоспалъэ «Российская газета»-м и корреспондентыр.*

- **«Георгий, узинафэщІ гупыр кьыззэрыщІэбгъэнэщрэ зэманэ дэкІар машІэ дыдэщ, ауэ ар, районым кьыщымыІэнэу, ирах псом щыпхъыфІэхэм хабжэ хьуащ. Сыт апхуэдэ къулеигъэнэм и хэкІыпІэр?**

- Тыиш дыдэу кьыдэхуэлІаУ ехуэ схужьІэнукьым ди Іуэхухэр. «Газпромым» сыщылажьэурэ, си ныбжьыр пенсэ иІуэгъэуэм щынэсым, къехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу кьыщжаІащ дяпэкІэ «зызгъэпсэхун» зэрыуэкІри. ЛэжьапІэнщэу сыкъыщыщнэм, сэ схуэдэ зыбжанэ гъуэ кьэсщІри, мэкъумэшщІэ-фермер хозяйствэ кьызэдгъэпэщащ. А зэманым (2003 гъэм) ди гупым хэтыр щІыхуэ 40-т, щІыуэ диІэр зэрыхъурэ гектари 140-рэт. Дылъжьащ зэрытхузэфІэкІкІэ. Ауэ ятІэрей гъэм гектар кьэс хуэзэу нартыхуэу кьытетхыфар центнер 17 кьуэдейт.

Ди гъунэгъуэм я Іуэху зехьэкІэм щыгъуаэзэ зыхуэтщІри, кьыдгурыІуащ: щІым гъавэ бэвкІэ ущыгугъэмэ, тэмэму утелажьыхьыпхъэщ. Ди гъавэ щІапІэкІэ куууэ дващ, жьылапхъэфІкІэ тсащ, щІыгъэпщэркІи зыхуей хуэдизэ-щ. ПщІанэхэр кьытеува нэужьи, щІыр дгъэщэбащ, удзыьыкъэр дгъэхьэбзащ. Апхуэдэ гугъуехьхэм кьапэкІуэну, кьыкІэлъыкІу илъэсыкъ гектар кьэс хуэзэу нартыхуэу центнер 75-рэ кьытетхащ.

- **Апхуэдэ екъуэлІэныгъэм, щэч хэмылъу, фи лъэр жанщІагъэщ. АджкІэ дауэ фи Іуэхуэхэр кьыззрекІуэкІар?**

-Аджкі э къэхуар зыри дыІэпыгъэмыплъащ. Нартыхуэр хъумапІэхэм щыдгъэтІылъащ, зэкІэ пудыІуэт, зы килограммым кьыдатыр сомитІ-щыс къудейти, гъатхэ щІондэ щыдгъэлъу, хуэдитІкІэ ирах лъапІэу тщэжьфІу, ману щыпшІуэ-фермер хозяйствэ кьызэдгъэпэщащ. А зэманым (2003 гъэм) ди гупым хэтыр щІыхуэ 40-т, щІыуэ диІэр зэрыхъурэ гектари 140-рэт. Дылъжьащ зэрытхузэфІэкІкІэ. Ауэ ятІэрей гъэм гектар кьэс хуэзэу нартыхуэу кьытетхыфар центнер 17 кьуэдейт.

Ди гъунэгъуэм я Іуэху зехьэкІэм щыгъуаэзэ зыхуэтщІри, кьыдгурыІуащ: щІым гъавэ бэвкІэ ущыгугъэмэ, тэмэму утелажьыхьыпхъэщ. Ди гъавэ щІапІэкІэ куууэ дващ, жьылапхъэфІкІэ тсащ, щІыгъэпщэркІи зыхуей хуэдизэщ. ПщІанэхэр кьытеува нэужьи, щІыр дгъэщэбащ, удзыьыкъэр дгъэхьэбзащ. Апхуэдэ гугъуехьхэм кьапэкІуэну, кьыкІэлъыкІу илъэсыкъ гектар кьэс хуэзэу нартыхуэу центнер 75-рэ кьытетхащ.

- **Апхуэдэ екъуэлІэныгъэм, щэч хэмылъу, фи лъэр жанщІагъэщ. АджкІэ дауэ фи Іуэхуэхэр кьыззрекІуэкІар?**

-Аджкі э къэхуар зыри дыІэпыгъэмыплъащ. Нартыхуэр хъумапІэхэм щыдгъэтІылъащ, зэкІэ пудыІуэт, зы килограммым кьыдатыр сомитІ-щыс къудейти, гъатхэ щІондэ щыдгъэлъу, хуэдитІкІэ ирах лъапІэу тщэжьфІу, ману щыпшІуэ-фермер хозяйствэ кьызэдгъэпэщащ. А зэманым (2003 гъэм) ди гупым хэтыр щІыхуэ 40-т, щІыуэ диІэр зэрыхъурэ гектари 140-рэт. Дылъжьащ зэрытхузэфІэкІкІэ. Ауэ ятІэрей гъэм гектар кьэс хуэзэу нартыхуэу кьытетхыфар центнер 17 кьуэдейт.

- **Банкэр нэхъ зэгупсысыр езыхэм я хэхъуэр зэрагъэбгъэуэнырщ. Кьуажьдэхэр нэхъ дызыхуейр мэкъумэшу нэхъыбэ зэрытщІэнырщ. Абы хуэунэтІауэ щыІэ Іэмалхэм догупсыс, дзжьэкІэщІэм дыуходжь, ди зэфІэкІхэм сыт и лъэныкъуэкІи хьідогъахьуэ.**

Псалъэм папщІэ, нартыхуэ щытхъэжкІэ, хуэзищІэу, «пыдзахуэ» жьхуэтІэм хуэдэу зыкъом кьытхуонэ. Ахэр щхьэхуэкІуэхэм зэрадгъэкІуэкІынырщ. Зэман-зэманкІэ сэ хамэ кьэралхэм сокІуэ. Сольагъу а щІыпІэхэм Іэпхъуэщапхъуэхэр зэрыщыпсэуэщІыкІэр. Дызыдэпльеипхъэхэр, щапхъэфІ тхуэхъупхъэхэр, мащІэкъым.

**Дяпэкі э гъэзгу узытетым щхьэкІи ахьшэ піахьну жаІэ. Ар пэж?**

**Маслов В.** *Москва.*

- ТранспортымкІэ министр Левитин Игорь зэрыжиІэмкІэ, гъэзгупщІэ щыпІахьнырджафэу, бгъуфІэу, ж щІи нэхуу яухуа Москва-Санкт-Петербург автомагистралырщ. ПІахьнур километр кьэс хуэзэу сомитІ-щы хуэдизщ. А гъэзгум псынщІэ дыдэу (зы сыхьэтым километри 150-рэ пкІуэу) ущызекІуэ хьунущ.

- **Сыт кхъухьлъатэхэр кьехуэхьыпхъэ щыхуэ куэд хэкІуадэ щІэхьуар ?**

**Демидов С.** *Липецк.*

- Международнэ авиацэ комитетым (МАК) хьыбар кьыззрядигъэщІамкІэ, кьэхьугъэ мыщхьэпэхэм я процент 70-м хуэщІ кьыдэсыхэкІыр пило тхэм я емыгугъэныгъэрщ е щІэныгъэ нэс зэрамыБэрщ. Абы кьыхэкІыу Ространснадзорым нэхъыбэу игъэхьэзырыпхъэщ егъэзжакІуэ-кІэльыпльакІуэ Іэ ззэхэр (инструкторхэр), кхъухьлъпльэ псальэмакъэм ущІедэжІуэн щІыкІэм. Дэ дызыхуІэкІэр ди кьалэхэм щІыхуэхэр кьэдмыгъэкІуэну аракьым, атІэ кьэрал хабзэкъэм щхьэхуэкІуэхэм зэрапхъуэ. Ауэ дэ нэхъ гуфІэгъагъэу кьэтІльытащ ІэщІэввщІэ дгъэшэнкІи, бдзэжьей гуэл зыбжанэм щыдгъэхъуныр, нэгъуэщІ хэкІыпІэхэри кьдгъэсэбэпынырщ.

- **Умыдыщ1у кьызжеІэт: кьуажьдэхэм кьэралыр ягъэшхэфыщу, хьэмрэ ерыскьыпхъэхэр хамэ щыпІэхэм дяпэкІи кьитщыну хуей хьуну?**

- Сэ шэч кьытесхьэркъым: гурэ псэкІэ утелажьэмэ, ди щІым кьытекІинущ ерыскьыпхъэ дыдэхуеинум хуэдизщ. Ар зэдгъэхъуІофынущ Іуэхугъуэ абрагъэхэр кьдмыгъуейуи. ЩІэн хуейр мыраш.

Кьэралым кьызэригъэпэщыпхъэщ лизиІ (хъуэжакІуэ) компаниехэр. Гъэсыныпхъэхэр, щыгъэпшэрхэр, жылапхъэхэр мэкъумэшыщІэхэм я Іэрыхьэм хуейщ и зэманым икІи мыльапІэу.

Мы щыри зыщыбгъэгъущІэ хьунукъым: гъавэхэкІыр зыхуэдэнур елыгтащ дунейм и щытыкІэмэ. Уэгъу кьыщыхьукІэ кьуажьдэсхэм яГуэт хэщІыныгъэхэр страховой компаниехэм «япшынжьыхьэщ» хьэрэмыгъэнщэу, хабзэм кьызэритъуным, кьэралым зызыщъжьхэм зэрыщащІым хуэдэу.

*Елсэлъар* **НАЗАРОВ**
**Владиславщ.**
*«Российская газета».*
*Адыгэбзэкі э зэзыдзкІар*
**ДЫЦЭКІ Сонящ.**

## ●Зэгупсысыпхъэ

# Шейудз хьэсэхэр ягъэмащІэ

СОЧИ КЪАЛЭМ щыпсэу мэкъумэшышІэхэр, шейудз зыгъэкІэхэр, гуэвэгъуэ хэхуащ: гъавэ бэв кьахуехьэлІэжьркъым нужьрей ильэсхэм, дунейр уэгъуэ зэрыщытым кьыхкІыу. Шынагъуэ щыІэщ дзэпэкІи я Іуэхухэр ихъьыкІэжхьункІэ. Сыт щхьэкІэ? Шейудз щащІэ хьэсэхэм ящыщ куэдым щаухуэнщІ Олимпиадэр щекІуэкІыну стадионхэр, трамплинхэр, лыжжкІэ кьыщажьыхь лъагъуэхэр...

Кубаным кьыщагъэкІ шейудзым уВыпІэщхуэ щиубыдыркъым кьэралым и сату щыпІэхэм. Ауэ куэдым ящІэ мы ерыскъыгъуэр зэрыфІыр, лъапІэуи зэращэр. Мы зэманым шейудз грамминщэр сом щипІ и уасэщ, ауэ мыгуэву а бжыгъэр хуэдитІщыкІэ хэхъуэнкІи хьунущ. Абы щІэупщІэшхэу щиІэщи ди кьэралым зэрыгъэгъэсыгъэ хэми. Псалъэм папщІэ, Кубаным кьыщыкІа шейудзыр щыщІэрапхъэ Китайм. Апхуэдэу щыщыткІэ, шейудз щащІэ хьэсэхэр гъэмэщІэным крайм и унафэщІхэр емыпІэщІкІэм нэхъыбэу кьыщІэкІынут. Мы Іуэхур фІыуэ зэгупсысыпхъэщ.

**АРОНОВ Алексей.**
*«Известия».*

## ●США - Куржы

**Канадэм и журналист Маккиннон Марк Нью-Йорк кьыщыдигъэкІащ зэманыщІэм и шыфэлІыфэхэм, «Зауэ щыІэм», пльыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ революцэхэм я хэкІыпІэхэм теухуа тхьылъ пІащэ.**

**Абы Іупщу къеГъэлъагъуэ Куржым кьыщыхьуа «Хьэпльыфэ революцэр» зи жэрдэмыр США-м и унафэщІхэр зэрырар. Сурэтым щыдольагъу 2002 гъэм Куржым икІа гупыр, Саакашвили Михаил зи пашэр, Америкэм и унафэщІхэм гуапэу Вашингтон щрагъэблагъауэ зэрыщытар.**

*«Эхо планеты» журналым кьитхыжащ.*

## ●Уищіэхэмрэ жэуапхэмрэ

# Сыт къэралым щІимыпшыныжьыр?

**Ди къэралым щыпсэу «щІыуэ кьыззрыгъэкІ - жьхуаІэхэм зэрылэжьа ильэс бжыгъэм емыльытауэ, мащІэ дыдэщ пенсэу кьахьыр. Ар кьуанщагъэкъэ? Гъэзэкіуэжьын хуейкъэ? Хэт зыгъэзэкІуэжьынур?**

**Кушнеренко Д.,** *Приозерск.*

Іэпщхьэ жэуап кьре т узынщагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ министр Гошиковэ Татьянэ:

- Абы догупсыс. ДяпэкІэ щІыхуэ пенсэу кьихьынур зыхуэдизыр ельытауэ щытынущ зэрылэжьа ильэс бжыгъэм. Хэдгъэхьэуэнущ «базовэ» жьхуэтІэ Іыхьэр. ДызыхуэкІуэ мазае мазэм зедгъэІэтынущ пенсэхэм я «страховой» Іыхьэми. Ахьшэ яхуищІыдгъунущ пенсэ эрат псэми.

**СНГ къэралхэм кьикІыуэр лэжьапІэ кьакІуэхэр дяпэкІэ Москва кьыдамыгъэхьэну жаІэу зэхьэзох. Апхуэдэ кьыбархэр дауэ кьащІыхьурэ Іэпхъуэщапхъуэхэм я Іуэхухэр зезыхуэ унафэщІхэм?**

**Льясов А.,** *Москва.*

Іэпщхьэщапхъуэ зэхэм я Урысей Федеральэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІРомодановский Константин жеІэ:

- Хэт кьыдэзымыгъэхьэнур? Сыт кьыщІадамыгъэхьэнур? Гъэрэхэр щаІыгъа лъэхэзэм дгъэззжажэ ара? ЕмыкІу зыплъыпІэ псальэмакъэм ущІедэІуэн щІыкІэм. Дэ дызыхуІэкІэр ди кьалэхэм щІыхуэхэр кьэдмыгъэкІуэну аракьым, атІэ кьэрал хабзэкъэм щхьэхуэкІуэхэм зэрапхъуэ. Ауэ дэ нэхъ гуфІэгъагъэу кьэтІльытащ ІэщІэввщІэ дгъэшэнкІи, бдзэжьей гуэл зыбжанэм щыдгъэхъуныр, нэгъуэщІ хэкІыпІэхэри кьдгъэсэбэпынырщ.

- **Умыдыщ1у кьызжеІэт: кьуажьдэхэм кьэралыр ягъэшхэфыщу, хьэмрэ ерыскьыпхъэхэр хамэ щыпІэхэм дяпэкІи кьитщыну хуей хьуну?**

- Сэ шэч кьытесхьэркъым: гурэ псэкІэ утелажьэмэ, ди щІым кьытекІинущ ерыскьыпхъэ дыдэхуеинум хуэдизщ. Ар зэдгъэхъуІофынущ Іуэхугъуэ абрагъэхэр кьдмыгъуейуи. ЩІэн хуейр мыраш.

Кьэралым кьызэригъэпэщыпхъэщ лизиІ (хъуэжакІуэ) компаниехэр. Гъэсыныпхъэхэр, щыгъэпшэрхэр, жылапхъэхэр мэкъумэшыщІэхэм я Іэрыхьэм хуейщ и зэманым икІи мыльапІэу.

Мы щыри зыщыбгъэгъущІэ хьунукъым: гъавэхэкІыр зыхуэдэнур елыгтащ дунейм и щытыкІэмэ. Уэгъу кьыщыхьукІэ кьуажьдэсхэм яГуэт хэщІыныгъэхэр страховой компаниехэм «япшынжьыхьэщ» хьэрэмыгъэнщэу, хабзэм кьызэритъуным, кьэралым зызыщъжьхэм зэрыщащІым хуэдэу.

*Елсэлъар* **НАЗАРОВ**
**Владиславщ.**
*«Российскэ гъэзетэ».*
*Адыгэбзэкі э зэзыдзкІар*
**ДЫЦЭКІ Сонящ.**

## ●Фысакъ!

# Ахъшэ нэпцІэр

**Ставроль краймрэ Урысейм и унафэщІхэм ящІэ зыгъэхьэзырахэм, хьэпІэ-щІэпІэ ящІэ ахьшэ нэпцІэр ящІэжьмэ, Кьуэдрэ щІыуэ Дагъыстэм къыщІэуцуну. КьызэрыщІэкІымкІэ, куэд щІауэ Дагъыстэм къыщІэуцуну «щІыгъэкІыгъ» ахьшэ нэпцІэр. Іэщ1элъ1эхэм есэп зэращІамкІэ, зэман кІэщІым къриубыдэу Ставроль и бззэрхэм, тыкуэнэм хьщащхуащ ахьшэ нэпцІу сом мэхъуащ.**

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ кьаІэрыхьащ щІапхъэджагъэ зылэжьахэр. ЛиитІыр фэтэрым щІэсу, кьалэм «щылажьэт» - сом минищ хьу ахьшэ нэпцІэр ахьшэ тэмэму сом мин щэщІкІІэ кьахьуэжьыр. ИтІана къаугъуеи мылькур автобускІэ Дагъыстэм ирагъэшэжьыт. АбыкІэ щыІэт и гъусэр, ахьшэ нэпцІыр зыгъэхьэзырыр. Ари лубыдри, суд пащхьэм кьрагъэуващ.

НАІуэ кьызэращІамкІэ, ахьшэ нэпцІхэр щызэбгрыкІащ кьэралым и щІыналъэ 27-м. Мы Іуэхур псори дызыгъэпІейтеипхъэ, дызыхуэсакьыпхъэ мыхьумыщІагъэхэм ящыщ хьуащ. Ставроль щекІуэкІэ зэІуущІэщхэм ящыщ зы кьащІсалъэу, Ипщэ Федеральнэ округым и унафэщІм и кьуэдзэ Починок Александр мы крайр «ахъшэ фІейхэр щагъэхьэбзэж ьхэмэзым» ещхьу зэрыжиІэгъар. Аркъудейр щыхьэт тохъуэ мы щІыпІэм хабзэхъумэхэм Іуэху пІащІэгъуэ куэд зэрыщІэм.

УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм и эксперт Тулаев Светланэ жеІэ:

- Ахьшэ нэпцІхэм я нэхъыбэр сом мин зырыз хьу тхылъымпІэхэрщ. Ахэр зэ ялъыгъэнэсыр хьу зэмэпфІэщІынущ. Абы кьыхэкІыу ахьшэ куэд щызекІуэ Іуэхущ Іапі эм ящІэн хуейщ банкнотхэр кьыззрапщІэта Іэмэпсымэщ.

**ТОКЪМАКЪ Ольгэ.**
*«Российская газета».*

## ●ООН-м къехутэ

# НэхъыфІу псэухэр

**Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм (ООН-м) и жэрдэмкІэ щІэныгъэлІхэмрэ Іэщ1ал1эл1хэмрэ ягъэбелджылащ зи щІыхуэхэр нэхъыфІу псэу къэралхэр.**

ПАШЭР Исландиерщ. Сытым кьыхэкІыну? Мы щыпІэм щІыхуэхэр щопсэу, ику ину кьапщтэмэ, ильэс 81-кІэ. Хэхъуэу зы щІыхуэм кьыщыІэрыхьэр нэгъуэщІ кьэралхэм нэхърэ щынэхьыбэщ. Пэж кьыулеихэмрэ кьулейсыхэмрэ я мылькур и кьэдагъымкІэ щІагъуэу зэщхьэщыкІыркъым. ЖыпІэ хуэнущ Исландием хуэмыщІагъэ псэу имыс.

ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр хуагъэфэщащ Норвегиемрэ Австриемрэ. АдэкІэ нэхъ кьэрал зэпэщхэм хальытащ Швециер, Швейцариер, Ярпиниер, Франджыр, Финляндиер, США-р, Великобританиер.

Белоруссием нубыдар 64-нэ увыпІэрщ, Урысейм - 67-нэрщ. Адэкі э «кьыщытщ» СНГ-м хэт кьэралхэр.

Спискэм итщ кьэралыгъуэ 177-рэ. Абыхэм ящыщу нужь дыдэ кьинахэр Африкэм и кьэралхэу Серра-Леоне, Буркина-Фасо, Гвиней-Бисау, Нигерие жьхуаІэхэрщ. А щыпІэхэм щыхуэхэр зэрыщыпсэуэр, ику ину кьапщтэмэ, ильэс 40-рэ хуэдизщ, ауэ ятІэкІэ зыщІэр я Іыхьэ щанэрщ, мылькуу кьахэхьэрэри мащІэ.

**ЕЮРИНЭ Нинэ.**
*«Российская газета».*

**НапэкІыуЫ зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийм.**